

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG SARAN

Dina ieu bab diébréhkeun kacindekan tina hasil panalungtikan. Dumasar kana éta kacindekan, dipedar ogé implikasi jeung saran anu aya patalina jeung judul panalungtikan.

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis data dina bab IV, hasil ieu panalungtikan bisa dicindekkeun yén kamampuh nulis sajak siswa kelas XI MIA 2 SMA Pasundan 8 Bandung taun ajaran 2014/2015 saméméh dilarapkeun modél pangajaran invéstigasi kelompok aya dina kritéria can mampuh. Skor rata-ratana nya éta 65,9. Dumasar hasil analisis data, tina 30 siswa kakara 3 urang anu geus aya dina kritéria mampuh nulis sisindiran. Upama diperséntasekeun, 10% siswa anu geus mampuh nulis sajak, sedengkeun 90% siswa anu can kaasup dina kritéria mampuh nulis sajak.

Kamampuh nulis sajak siswa kelas XI MIA 2 SMA Pasundan 8 Bandung taun ajaran 2014/2015 sabada dilarapkeun modél pangajaran invéstigasi kelompok geus aya dina katégori mampuh. Skor rata-ratana nya éta 86,8. Dumasar hasil analisis data, tina 30 siswa ukur 3 urang anu masih aya dina kritéria can mampuh nulis sajak. Upama diperséntasekeun, 90% siswa nu geus mampuh nulis sajak, sedengkeun 10% siswa anu masih keneh aya dina kritéria can mampuh nulis sajak.

Kamampuh nulis sajak siswa saméméh jeung sabada dilarapkeun modél pangajaran invéstigasi kelompok, tééla hsilna ngaronjat. Kamampuh nulis sajak siswa kelas XI MIA 2 SMA Pasundan 8 Bandung taun ajaran 2014/2015 saméméh dilarapkeun modél pangajaran invéstigasi kelompok masih aya dina kritéria can mampuh, sedengkeun sabada dilarapkeun modél pangajaran invéstigasi kelompok hasilna ngaronjat, jadi aya dina kritéria mampuh. Ngaronjatna kamampuh nulis sajak siswa sabada dilarapkeun modél invéstigasi kelompok, katitén tina ayana parobahan skor rata-rata siswa tina hasil *pretest* jeung *posttest*, nya éta tina 65,9 ngaronjat jadi 86,8. Aya béda anu signifikan

antara kamampuh nulis sajak siswa kelas XI MIA 2 SMA Pasundan 8 Bandung taun ajaran 2014/2015 saméméh dilarapkeun modél pangajaran invéstigasi kelompok. Ieu hal dumasar kana ui hipotésis anu ngahasilkeun yén t_{itung} nya éta 16,35 sedengkeun $t_{tabéł}$ tina db (29) kalawan kapercayaan 99% nya éta 2,46. Mangka t_{itung} (16,35) $>$ $t_{tabéł}$ (2,46), hartina hipotésis ditarima. Jadi modél pangajaran invéstigasi kelompok bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis sajak siswa kelas XI MIA 2 SMA Pasundan 8 Bandung.

5.2 Implikasi

Modél pangajaran invéstigasi kelompok dilarapkeun pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis sajak. Ieu hal meunang réspon anu positif pikeun prosés pangajaran. Sabab dina prak-prakanna, modél invéstigasi kelompok ngalibetkeun siswa diajar aktip jeung miboga peran penting dina hiji lingkungan. Modél invéstigasi kelompok munjulkeun prosés démokrasi jeung interaksi sosial pikeun ngungkulán pasualan ngaliwatan invéstigasi. Ku cara gawé bareng, éta bisa jadi salah sahiji lolongkrang pikeun siswa leuwih mekarkeun gagasanna sarta siswa bisa leuwih percaya diri yén dirina miboga peran penting di hiji lingkungan sosial. Kukituna, dina migawé pancén ngaliwatan invéstigasi kelompok, hususna pikeun nulis hiji sajak siswa bisa mekarkeun ide, jeung ngalegaan gagasanna pikeun diébréhkeun kana tulisan dina wangun sajak sarta miboga rasa empati pikeun silih ngabantuan jeung siswa nu séjénna.

5.3 Saran

Sabada ngalaksanakeun ieu panalungtikan anu dijudulan *Modél Invéstigasi Kelompok pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Sajak (Studi Kuasi Éksperimén ka Siswa Kelas XI MIA 2 SMA Pasundan 8 Bandung Taun Ajaran 2014/2015)* aya sababaraha saran anu patali jeung ieu panalungtikan nya éta, dumasar hasil panalungtikan, modél pangajaran invéstigasi kelompok bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis sajak, ku kituna modél pangajaran invéstigasi kelompok bisa dijadikeun alternatif dina nepikeun pangajaran nulis sajak pikeun ngajembaran deui modél nu geus aya..

Saupma modél pangajaran invéstigasi kelompok rék dilarapkeun dina pangajaran nulis sajak, aya sababaraha hal anu kudu diperhatikeun nya éta guru kudu ngabagi kelompok anu hétérogén sangkan siswa bisa silih bantuan, téma anu dipilih pikeun nulis sajak kudu anu luyu jeung kamampuh atawa pangaweruh siswa sangkan siswa bisa leuwih ngamekarkeun jeung ngajembaran deui sajakna dumasar kana téma anu geus ditangtukeun.

Ieu panalungtikan ngagunakeun métode kuasi ékspérimén, ku kituna perlu diayakeun deui panalungtikan ngeunaan ieu modél ku ambahan anu leuwih lega, teu ukur ngagunakeun métode kuasi ékspérimen tapi ngagunakeun métodé ékspérimén murni.